



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ KI KOUTE 24 MILYON DOLA NAN PLATTSBURGH

Northwoods founi 80 apatman abòdab pou Konte Clinton, ki gen ladan 40 inite avèk sèvis sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann yon devlopman lojman abòdab ki koute 24 milyon dola nan Plattsburgh. Northwoods gen ladan 80 nouvo abòdab, ki gen ladan 40 avèk sèvis sipò.

"Bezwen ijan pou lojman abòdab ak sipò nan chak kwen nan eta nou an se yon bezwen administrasyon mwen an deside rezoud", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Northwoods ap ede reponn apèl la nan Plattsburgh avèk apatman modèn, ki efikas nan enèji ki bay rezidan yo tout sèvis nesèsè pou kenbe yo an sekirite, an sante, ak byen loje".

Northwoods konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab, ak estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay abòdab nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Northwoods gen ladan senk bilding ki fèk konstwi ki sitiye nan 195 Plaza Boulevard, yon teren 5 ekta ki te vid anvan sa. Kat nan bilding yo genyen yon melanj apatman yon sèl, de, ak twa chanmakouche, pandan senkyèm lan sèvi kòm yon bilding kominotè ak biwo pou Behavioral Health Services North (BHSN), yon òganizasyon ki san bi likratif ki baze nan Plattsburgh ki pral bay sèvis sipò nan Northwoods.

Karant rezidan pral jwenn aksè ak sèvis sipò sou plas ak sibvansyon pou lwaye ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York k ap administre li. Sèvis yo enkli jesyon ka, fòmasyon sou konpetans lavi, edikasyon sante, asistans transpò, sèvis sekirite bilding, ak referans pou lòt resous.

Rès apatman yo abòdab pou fanmi ki gen revni ki nan 80 pousan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi ba.

Devlopman Northwoods konplete Plan Kwasans Entelijan Sant Vil Elevate Plattsburgh adopte vil Plattsburgh nan reponn a yon mank opsyon lojman nan sant komèsyal vil la, epi nan rann sant vil la pi fasil pou mache atravè plis dansite ak agrandisman rezo twotwa ki egziste a. Northwoods amelyore modèl sikilasyon lokal yo tou lè li konekte Tom Miller Road ak Plaza Boulevard.

Northwoods te konstwi nan sèvi avèk pratik bilding vèt, epi devlopman an satisfè kritè pou Pwogram Kay sètifye Energy Star Ajans Pwoteksyon Anviwònman an, Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, ak sètifikasyon an ajan pa pwogram LEED pou Kay.

Devlopman an sitiye toupre yon makèt, divès biwo medikal, ak May Currier Park Vil Plattsburgh, epi liy otobis Transpò Piblik Konte Clinton (Clinton County Public Transit, CCPT) ki pase la.

Se Housing Visions ki te devlope Northwoods.

Finansman Eta a gen ladan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 13.9 milyon dola nan fon pwòp ak sibvansyon 9 milyon dola ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA te bay 80,000 dola kòm sipò. Leviticus Fund, yon CDFI ki baze nan New York, te bay pwojè a yon sibvansyon 545,000 dola.

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 17 milya dola pou kreye oswa prezève plis pase 200 apatman abòdab nan bilding pou plizyè fanmi yo nan Konte Clinton.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Envestisman 24 milyon dola nou an nan vil Plattsburgh reponn a yon mank lojman abòdab nan North Country epi sèvi ak yon plan ke lidè lokal yo kreye pou ankouraje kwasans kominote a. Gras a travay ki fèt la a, 80 fanmi pral benefisye yon kay ki an sekirite, modèn, ki gen ladan 40 moun ak fanmi ki sanzabri ki pral resevwa sèvis sipò pou ede yo pwospere. Mèsi a patnè nou yo, piblik kou prive, pou koperasyon yo nan devlopman sa a ki pral benefisye anpil moun nan kominote a".

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Lojman ki an sekirite epi ki estab se yon faktè enpòtan nan tretman ak rekiperasyon yon moun k ap viv ak maladi mantal. Lojman sipò te pèmèt plizyè milye moun ak fanmi vilnerab yo viv avèk siksè nan pwòp kominote yo. Yon lòt fwa ankò, mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou lojman sipò ak pou pwogram ESSHI a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Avèk achèvmman devlopman Northwoods la, rezidan North Country kounye a gen plis aksè a lojman abòdab ak sipò ki bay yon

eksperyans lavi konfòtab atravè karakteristik enèji efikas soti nan aparèy, ekipman ak ekleraj jiska fenèt, izòlman ak selaj lè. Pwojè sa a pa gen konbistib fosil, sa ki pi sen pou moun ki rete ladan ak anviwònman an epi li sipòte objektif Gouvènè Hochul pou devlope de milyon kay ki bon pou klima jiska 2030".

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Lojman abòdab esansyèl nan rejyon nou an. Avèk 80 nouvo apatman abòdab ak sipò li yo, nou ka pi byen asire rezidan Plattsburgh yo gen aksè a yon pi bon kalite lavi yo bezwen epi merite".

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Li te vin pi difisil pou konpatriyòt yo atravè North Country jwenn yon kote ki abòdab pou yo viv ak pwojè tankou Northwoods se kle nan devlope nouvo lojman abòdab. Tout kote mwen ale nan distri mwen an, mwen tandè pale de pwoblèm avèk lojman abòdab epi mwen fyè dèske m te sipòte pwojè sa a pou pote plis lojman nan North Country. Mwen vle remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Housing Visions, ak Behavioral Health Services North pou tout travay di ak devouman yo ki te fè sa posib epi mwen espere travay ak lidè eta ak kominote yo pou pote plis pwojè konsa nan North Country".

Sipèvizè Vil Plattsburgh, Michael S. Cashman, te deklare, "Nou kontan anpil pou n selebre achèvmman pwojè Northwoods la. Gen yon gwo bezwen pou lojman nan zòn nou an. Tout moun merite yon espas ki an sekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo. Northwoods sitiye inikman ak de preferans nan sant vil nou an kòm yon anviwònman espas travay ki ofri aksè nan bagay tankou travay, sante, swen, vant an detay ak lwazi. Mwen bat bravo pou tout moun ki enplike pou fè sa tounen yon reyalite. Vil Plattsburgh akeyi plis pwojè tankou sa a. N ap kontinye fè lojman yon priyorite nan kominote a".

Direktè Egzekitif Jeneral Housing Visions, Ben Lockwood, te deklare, "Housing Visions kontan pou l kreye patenarya ak BHSN ak lòt moun nan kominote Plattsburgh pou bay lojman ak sèvis bon jan kalite, efikas nan enèji ak abòdab. Northwoods fè pwogrè pou ogmante opsyon lojman abòdab nan North Country. Plattsburgh rekonèt nesite pou divès opsyon lojman pou rezidan yo epi Northwoods se yon kokenn reprezantasyon de sa yon kominote ka akonpli lè yo travay ansanm pou rezoud defi kominotè yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Behavioral Health Services, Mark Lukens, "Antanke yon lidè rejyonal nan swen entegral, BHSN konprann ke li difisil pou w rete an sante san lojman. Se poutèt sa nou fyè dèske nou te kontribye nan efò sa a pou pote plis bon jan kalite lojman nan zòn nou an ak nan kèk nan manm kominote ki pi vilnerab nou yo".

###